

# FÈ YON KOUDÈY NAN PWOGRAM SÈTIFIKASYON BIWO SOU OPÒTINITE BIZNIS EGAL KONTE PALM BEACH LAN

## Èske ou se yon biznis piti, minoritè oswa fanm posede nan Konte Palm Beach?

Biwo Opòtinite Biznis Egal (Office of Equal Business Opportunity, OEBO) Konte Palm Beach lan envite ou pou sètifye biznis ou an tankou yon Biznis Piti, Minoritè oswa Fanm Posede (S/M/WBE).

Objektif OEBO se pou ogmante patisipasyon S/M/WBE yo nan kontra konte a. Nou angaje pou nou bay biznis yo resous pou konekte ou avèk opòtinite yo.

Kòm yon founisè sètifye avèk OEBO, ou kalifye pou patisipe nan konpetisyon pou kontra yo nan konte a.

### Pwosesis sètifikasyon an senp ak gratis.

#### KISA KI YON S/M/WBE?

Yon S/M/WBE se yon konpayi ki gen omwen 51% ke yon moun oswa plizyè moun posede ak kontwole ki se manm yon gwoup ki defavorize sosyalman ak ekonomikman, sa gen ladan Afwo-Ameriken, Azyatik, Ispanik, Ameriken Natif Natal ak Fanm.

#### Gen kèk benefis ki gen ladan:

- Aksè ak opòtinite apwovizyonman ke Konte Palm Beach bay.
- Sipò Teknik nan men Espesyalis Devlopman Ti Biznis
- Opòtinite koneksyon avèk Founisè Prensipal yo
- Envitasyon nan fòmasyon, evènman ak konferans OEBO yo.
- Pwomosyon kwaze avèk lòt ajans sètifikasyon pou minorite
- Enklizyon nan repètwa konpayi S/M/WBE sètifye sou entènèt
- Ekspozisyon ak biznis nan endistri prive

1

Ou dwe enskri kòm yon vandè nan Konte Palm Beach toudabò nan <https://pbcvssp.co.palm-beach.fl.us/webapp/vssp/AltSelfService>

2

Aprè ou fin resevwa nimewo vandè ou a, ou kapab aplike pou sètifikasyon nan <http://www.pbcgov.com/oebo/Pages/Certification-Program.aspx>



Palm Beach County Board of County Commissioners  
Dave Kerner, Mayor, Robert S. Weinroth, Vice Mayor  
Maria G. Marino, Gregg K. Weiss, Maria Sachs  
Melissa McKinlay, Mack Bernard  
County Administrator Verdenia C. Baker



Pou detay oswa enfòmasyon anplis,  
ou kapab kontakte nou nan:  
**(561) 616-6840 | OEBO@pbcgov.org**